

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan mangrupa cara atawa lengkah-lengkah anu digunakeun pikeun ngalaksanakeun panalungtikan. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarékan kualitatif ngaliwatan métode déskriptif, lantaran data anu ditalungtikna téh nyaéta kalimah sarta kecap dina tulisan. Saluyu jeung anu diébrehkeun ku Sugiyono (2017, kc. 8), yén métode panalungtikan kualitatif dipaké pikeun meunangkeun data kalawan leuwih jero, hiji data anu miboga ma'na atawa data sabenerna, ieu hal pasti anu nyampak dina data. Meleong (dina Muhammad, 2014, kc. 29) nétélakeun metode kulitatif mangrupa prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data deskriptif tina kecap-kecap tulisan atawa lisan ti jalma ogé paripolahna.

Metode deskriptif mangrupa sifat data panalungtikan kulitatif anu miboga wujud datana deskripsi objek panalungtikan. Dina wujud data saperti kecap-kecap, gambar, jeung angka anu teu dihasilkeun ngaliwatan statistika (Muhammad, 2014, kc. 34). Ku kituna, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadeskripsikeun wanda ragam basa nyaéta dumasar panyatur, dumasar kafomalan jeung dumasar saranana dina iklan komersial basa Sunda di média massa.

3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan nyaéta hal anu penting pisan pikeun tehnik dina panalungtikan. Sakumaha anu diébréhkeun ku Arikunto (2010, kc. 22) yén desain panalungtikan mangrupa prosés atawa rarancang pikeun ngajawab sarta ngajéntrékeun sababaraha pasualan dina panalungtikan. Ku kituna, désain ieu panalungtikan téh disusun tihela pikeun panalungtikan anu miboga eusi ngeunaan léngka-léngkah panalungtikan, sarta désain dina ieu panalungtikan digambarkeun ngaliwatan bagan 3.1.

RAGAM BASA IKLAN KOMERSIAL BASA SUNDA DINA MÉDIA MASSA

Masalah

- a. Ragam basa naon waé anu kapanggih dina iklan komersial basa Sunda di média massa dumasar panyaturna?
- b. Kumaha ragam basa kaformalan anu kapaluruh dina iklan komersial basa Sunda di média massa?
- c. Iklan komersial basa Sunda anu nyampak dina média massa kapaluruh aya sabaraha ragam basa dumasar sarana?

Sumber Data
Média éléktronik
jeung média Citak

Téknik Ngumpulkeun Data
a. Simak tanpa Libat Cakap
b. Dokuméntasi/Rekaman

Intrumén
Kartu Data

Teknik Ngolah Data
Analisis Unsur Langsung

Deskripsi
a. ragam basa dumasar panyaturna
b. ragam basa dumasar kaformalanna
c. ragam basa dumasar sarana

Kacindekan

Bagan 3.1
Désain Panalungtikan

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Data panalungtikan mangrupa hal anu penting, lantaran dina milih jeung nangtukeun sumber data téh tangtu kudu saluyu jeung informasi anu dipaluruhna, sarta data anu dikumpulkeunna téh bisa ngaliwatan sababaraha cara saperti dokumentasi, narasumber, kajadian atawa aktivitas, tempat, benda, gambar, jeung rekaman (Nugrahani, 2014, kc. 108).

Dumasar judul ieu panalungtikan téh data anu ditalungtik nyaéta ragam basa iklan komersial anu nyampak dina média massa saperti Tv, radio, koran, *internet* sarta majalah. Sedengkeun anu jadi sumber datana nyaéta iklan komersial basa Sunda dina média massa saperti média éléktronik, di antarana Bandung Tv, AKTV, Garuda Tv, Radio cosmo, cakra, jst.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina kgiatan panalungtikan biasana kudu miboga téhnik ngumpulkeun data pikeun meunangkeun data anu nyampak. Ari téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah anu stratégi tina panalungtikan, lantaran miboga tujuan pikeun meunangkeun data (Sugiyono, 2017, kc. 224). Ieu hal ogé di téte lakeun ku Kuntjojo (2009, kc. 35), kgiatan panalungtikan mangrupa kgiatan ngumpulkeun data ngagunakeun téhnik jeung ngagunakeun intrumen.

Ieu panalungtukan ngagunakeun teknik non-tés atawa ngagunakeun téhnik catétan dokumén ngaliwatan lengkah-lengkah anu dilakukeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan saperti ieu di handap.

- 1) Ngunduh iklan komersial di saluran *youtube* AKTV 43 UHF, rekam iklan tina radio, jeung *screenshot* iklan komersial basa Sunda di *internet* sarta *foto* di média citak;
- 2) Ngalakukeun kgiatan transkripsi video anu geus diunduh, direkaman, sarta *discreenshot* iklan komersial basa Sunda kana wangun tulisan dina *ms. office word*;
- 3) Nyalin omongan ragam basa kana kartu data, jeung
- 4) Méré nomer kode data.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumen anu dilakukeun nyaéta alat atawa pasilitas anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data jeung sangkan pagawéan leuwih gampang. Luyu jeung éta hal, Sugiyono (2011, kc. 305) nétélakeun yén intrumén panalungtikan ngawengku *validitas* jeung *reabilitas* ti mimiti cara ngumpulkeun data nepi ka ngahasilkeun data anu tepat.

Instrumén séjén anu digunakeun nyaéta kartu data, anu dipaké pikeun nyalin omongan ragam basa tina iklan komersial basa Sunda di média massa. Ieu kartu data diébréhkeun dihandap.

Data:

“Produk enggal sarang semut, sarang semut asli Papua, sarang semut tiasa dianggo kangge ngajagi stamina”. (IK2/A/270919)

Analisis:

1. Ragam basa dumasar panyaturna
2. Ragam basa dumasar kaformalan
3. Ragam basa dumasar saran

Keterangan

IK2 = *Iklan Komersial* ka 2

A = AKTV

27 = Tanggal midang iklan komersial AKTV,

27 September 2019

3.5 Analisis Data

Dina téknik ngolah data mimiti datana anu geus dipaluruh tuluy dianalisis ngagunakeun téknik analisis unsur sacara langsung. Dina ieu panalungtikan data diolah nggunakeun téknik analisis unsur langsung. luyu jeung éta hal, Nugrahani (2014, kc. 169) nétélakeun yén analisis data mangrupa hal anu kawilang penting dina panalungtikan, lantaran dipaké pikeun ngaguar ngeunaan masalah panalungtikan. Salian ti éta, analisisna ogé mangrupa salah sahiji cara pikeun ngajawab pasualan anu

aya dina panalungtikan. Ku kituna, aya sawatara léngkah-léngkah dina lumangsungna kgiatan nganalisis data, nyaéta

- 1) niténan deui data ragam basa anu geus dikumpulkeun;
- 2) nyieun papasingan ragam basa dumasar kana wanda ragam basa;
- 3) nganalisis ragam basa dumasar kana wanda ragam basa dina iklan komersial anu aya di média massa;
- 4) ngadéskripsiun data ragam basa dina iklan komersial basa Sunda di média massa;
- 5) hasil data anu kapaluruh dicindekeun.